



**NYC Census 2020**  
**Resous Itil pou Medya Sosyal**

**Grafik ki Ka Pataje**

Ou ka jwenn grafik pou medya sosyal, ak videyo tou, la a: [Grafik](#) ak [Videyo](#)

**Modèl Mesaj yo**

*Mesaj 1:*

Kanpe djanm ak konfrè New York ou yo nan moman sa a: Ranpli Resansman 2020 an. Genyen plizyè bilyonn dola ki anje. Ranpli resansman an jodiya nan [my2020census.gov](https://my2020census.gov) #GetCountedNYC

*Mesaj 2:*

Etan wap pratike distans sosyal, ou kapab toujou kontinye travay pou jistis sosyal. Ede pou yo konte rezidan New York yo nan Resansman 2020 an pou n ka jwenn finansman nou merite a. Ranpli resansman an jodiya nan [my2020census.gov](https://my2020census.gov) #GetCountedNYC

*Mesaj 3:*

Asire w pou kominote w la jwenn sa li merite. Lè w ranpli Resansman 2020 an, sa pèmèt rezidan New York yo jwenn lajan pou edikasyon, swen sante, transpò, lojman, ak plis ankò. Ranpli resansman an jodiya nan [my2020census.gov](https://my2020census.gov) #GetCountedNYC

*Mesaj 4:*

Meyè fason pou ede NYC kounye a? 1) Rete lakay ou 2) Gaye nouèl la sou enpòtans (ak jan l fasil) pou ranpli Resansman 2020 an.

Genyen plizyè bilyonn dola ki anje.

Ranpli resansman an jodiya nan [my2020census.gov](https://my2020census.gov)  
[#GetCountedNYC](#)

*Mesaj 5:*

Resansman 2020 an gen rapò ak 3 bagay:



Lajan



Pouvwa






Respè

Plis nan nou ki ranpli resansman an, se plis lajan nou pral resevwa pou pwogram nou bezwen yo.

Ranpli resansman an jodiya nan [my2020census.gov](https://my2020census.gov) #GetCountedNYC

*Mesaj 6:*






Kijan èske w ou ka'b pote sipò pa'w nan lasante nan kominote'w la?

-  Lave men w
-  Prati ke distans sosyal
-  Fè yo konte w nan Resansman 2020 an

### *Mesaj 7:*

Resansman an defini sante nou ak lopital nou yo, donk se pou tout moun konte. E kounye a, ou kapab ranpli l sou entènèt nan 10 minit sèlman: [my2020census.gov](https://my2020census.gov) #GetCountedNYC

Li pat janm fasil ansan konsa pou w ranpli resansman an! Ou kapab konplete Resansman 2020 an:

-  Sou entènèt
-  Nan telefòn
-  Pa lapòs
-  Nan 13 lang
-  Nan 10 minit sèlman

Ale sou sit [my2020census.gov](https://my2020census.gov) la jodiya. #GetCountedNYC

### **Kreye Pwòp Mesaj ou**

Pa ezite kreye pwòp mesaj ou baze sou kontni nou ba w la oswa jan ou konprann oumenm.

### *Hashtag yo & Apèl rele mande aksyon*

Tout kontni ki pataje dwe genyen hashtag #GetCountedNYC. Sa pral ede ekip NYC Census 2020 an pou l suiv mesaj nou yo pou nou kapab ensiste plis sou yo yo atravè rezo nou yo.

Nou ankouraje w itilize hashtag #2020Census.

Finalman, tout kontni yo dwe toujou genyen yon apèl alaksyon ladan yo ki lye a yon pati nan efò Resansman NYC 2020 an. Ou ka ankouraje piblik ou yo pou yo al sou [sitwèb nou an](#), pou yo wè kijan katye yo te reponn an 2010 ak [kat entèaktif](#) nou an, oubyen pou yo patisipe nan [gwoup lokal pou volontè resansman an](#) (ke yo rele yon "NOCC").